Serie No. 188 Regi f 0.40

I. DONGÈNG KETÈK LAN KOERA.

ANGGITANÉ

M. SASTRADIHARDJA.

II. SERAT TRIDYATMIKA.

ANGGITANIPOEN

R. TJITRAWASITA.

UITGAVE VAN DE COMMISSIE
VOOR DE VOLKSLECTUUR

WEDALAN
BALÉ POESTAKA

Perpustakaan Nasional RI
B: - 484
No.188
1920

Serie No. 188

I. DONGÈ

II. SE

KAETJAP

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA



Serie No. 188

Regi f 0,40

B. 484
no 188
1920
Kp 64-740

I. DONGÈNG KETÈK LAN KOERA

ANGGITANÉ

M. SASTRADIHARDJA.

II. SERAT TRIDYATMIKA

ANGGITANIPOEN

R. TJITRAWASITA.

KAETJAP ING PANGETJAPANIPOEN: BALÉ POESTAKA
ING WELTEVREDEN 1920.

BAT. GENOOTSCHAP VAN K. EN W.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ISI

I. DONGÈNG KET
1. Kętèk reraton .
2. Kętèk lan koera
3. Ngoendoeh katè
4. Ngoendoeh nang
5. Nandoer gędang
6. Ngoendoeh gęda
7. Obong-obongan .
8. Soeling . . .
9. Joejoe matèni k
II. SERAT TRIDY
Klarap, tekèk la

PERPUSTAKAAN NASIONAL

ISINÉ LAJANG IKI.

katja.

I. DONGÈNG KETÈK LAN KOERA.

1. Ketèk reraton 3
2. Ketèk lan koera 3
3. Ngoendoeh katès 4
4. Ngoendoeh nangka 6
5. Nandoer gedang 7
6. Ngoendoeh gedang 8
7. Obong-obongan 9
8. Soeling 10
9. Joejoe matèni ketèk 11

II. SERAT TRIDYATMIKA.

Klarap, tekèk lan boenglon 15

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

KET

Tjaritan
ambeg
:-:

M

DRUKKE

PERPUSTAKAAN NASIONAL

I

DONGNÈG

KETÈK LAN KOERA

Tjaritané sawidjining ratoe ketèk kang ambeg drengki, memitran karo koera :-: kang ambeg legawa. :-:

ANGGIANÉ

M. SASTRADIARDJA.

DRUKKERIJ VOLKSLECTUUR — WELTEVREDEN 1920.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Kaseboet ing
ketèké. Sarèhning
moelané ketèk-ket
doewé sedya ngal
Ketèk-ketèk ma
gedé, pinter lan
Ratoe ketèk ma
pada ngèstokaké
moendjoeng woh-
Moenggoeh kan
ambeneri ketèk
wohan lan ndjag
Wiwitané sakè
nanging lawas-lav
katara jèn ora
awèh reroeba la
koerang betjik po
panggonané kang
panggonan ikoe.
Saja lawas saja
kang geting ma
reroekoenan ngac
loepoet saka pan
Sedyané ketèk
ing akèh kalah b
Sawisé mangk
ora ana kang mo

Ratoe ketèk
kasoerang-soeran
woes kalakon,
pratingkah kang
mangkono, mast
ora ana ketèk
akoe bakal ang
oengsèni".

KETÈK LAN KO

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

BAB 1.

Ketèk reraton.

Kaseboet ing dalem kanḍa, ana sawidjining alas geḍé akèh ketèké. Sarèhning alas maoe akèh woh-wohané kang énak-énak, moelané ketèk-ketèk maoe paḍa krasan manggon ing kono; ora doewé sedya ngalih marang panggonan lija.

Ketèk-ketèk maoe ana waroké sidji dianggep ratoené, awit geḍé, pinter lan karosané ngoengkoeli ketèk kang akèh-akèh.

Ratoe ketèk maoe oeripé kaleboe moelja, awit sakèhing ketèk paḍa ngèstokaké parèntahé. Saben dina ketèk-ketèk maoe paḍa moendjoeng woh-wohan kang énak-énak marang ratoené.

Moenggoeh kang dadi koewadjibané ratoe ketèk maoe, koedoe ambeneri ketèk kang paḍa toekar padoe marga reboetan woh-wohan lan ndjaga soepaja oeripé sakèhing ketèk bisa tentrem.

Wiwitané sakèhing ketèk paḍa adjrih asih marang ratoené, nanging lawas-lawas bandjoer ṭoekoel geṭingé; awit ratoe maoe katara jèn ora adil, ḍemen menangaké prakarané ketèk kang awèh reroeba lan sija marang ketèk lija-lijané. Jèn ana ketèk koerang betjik poendjoengané, oetawa wani-wani njeḍak marang panggonané kang ora marga dioendang, noeli ditoenḍoeng saka panggonan ikoe. Jèn ora gelem bandjoer dipatèni.

Saja lawas saja moenḍak sijané, moelané ija saja akèh ketèk kang geṭing marang ḍèwèkné; wekasan sakèhing ketèk paḍa reroekoenan ngadjak noenḍoeng marang ratoené maoe, soepaja loepoet saka panganiaja.

Sedyané ketèk-ketèk maoe kalakon. Ratoe ketèk kinaroeboet ing akèh kalah bandjoer loemajoe ngoengsi marang panggonan lija.

Sawisé mangkono sakèhing ketèk paḍa ajem atiné, awit woes ora ana kang moenasika manèh.

BAB 2.

Ketèk lan koera.

Ratoe ketèk kang kaplajoe maoe banget ing soesahé lakoené kasoerang-soerang; ing batin kedoewoeng marang lelakoné kang woes kalakon, tjiptané: „Getoen banget akoe, déné nglakoni pratingkah kang ora betjik. Saoepama akoe ora nglakonana mangkono, masṭi saiki isih moekti wibawa. Saiki wis kabandjoer ora ana ketèk sidji-sidjia kang ḍemen marang akoe; moelané akoe bakal angalaja boemi golèk panggonan kang kena dak-oengsèni".

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Ratoe ketèk mbandjoeraké lakoené, moenggah moedoen goenoeng, ngliwati djoerang lan pepèrèng sapirang-pirang. Wasana nemoe wit gempol gedé sidji doemoenoeng ing sapinggiré talaga kang bening banjoené. Godongé angregoeng mangloeng marang talaga, wohé ndadi. Ketèk banget boengahé, tjiptané: „Saiki akoe nemoe pitoeloeng, wit gempol iki kena dakenggoni; ketelé godongé bakal dadi pandelikankoe jèn ana bebaja; déné wohé kirakoe ora entèk jèn dak pangan déwé sadjroning rong sasi."

Sawisé njipta mangkono, bandjoer mènèk ing wit gempol, mangani woh kang nedeng mateng-mateng.

Katjarita sangisoring wit gempol maoe ana rongé djèro dienggoni ing koera.

Koera maoe olèhé manggon ing kono woes rada lawas, déné kang dadi pangané woh gempol kang roentoeh marga katempoeh ing-angin oetawa djalaran woes mateng.

Anoedjoe sawidjining dina koera metoe saka ing rongé soemedya golèk memangsan. Bareng weroeh woh gempol pirang-pirang mbalasah ing pinggir talaga, banget ing boengahé, ènggal bandjoer dipangani.

Sasoewéné mangan koera goemoen banget déné akèh woh gempol kang pada gogrog, mangka ing nalika ikoe ora ana angin soemilir.

Bareng koera ndeleng mandoewoer weroeh ketèk lagi énak mangani woh gempol, bandjoer dioewoeh, tjalatoené: „Eh, mitrakoe ketèk! Akoe boengah banget déné kowé manggon ing kono, awit nggogrogaké gempol nganti akèh banget, ikoe dadi pangankoe ing salawas-lawasé. Moelané jén lega atimoe kowé adja loenga-loenga saka kono, soepaja akoe ora kekoerangan pangan."

Ketèk kagèt banget ngroengoe pangoewoehing koera, ing batin banget moering-moering, nanging sarèhné mentas nemoe sangsara sarta ora doewé mitra manèh, moelané nepsoené ditjandet lan soemedya memitran karo koera, soepaja bisa lipoer soesahé. Wangsoelané: „Pandjaloekmoe bakal daktoeroeti, ananging kowé koedoe pradjandji adja loenga-loenga saka kéné, lan jèn ana bebaja apa-apa, kowé énggala toetoer marang akoe."

Koera njagoehi. Wiwit nalika ikoe ketèk lan koera pada raket amemitran, jèn salah sawidji nemoe kesoesahan, sidjiné noeloengi ing sabisa-bisané.

BAB 3.

Ngoendoeh katès.

Anoedjoe sawidjining dina, ketèk moedoen saka ing wit gempol, nemoni koera, tjalatoenè: „Mitrakoe koera! Woes watara lawas olèhkoe pada ana ing panggonan iki kalawan salamet, pangan ija ora koerang. Moeng tjatjadé akoe saiki wis bosen mangan gempol. Kang ikoe apa kowé ora bisa ichtijar golék pangan lijané?"

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Koera: „É, mitrakoe ketèk, Kowé ikoe kaleboe èwoné kéwan kang ora doewé panarima; arak wis pira-pira kowé bisa salamet ana ing panggonan iki kanti ora kekoerangan. Saiki kowé doewé kepéngin barang barang ora ana; akoe koewatir jèn bakal kaleboe bebasan: „Amboeroe oetjeng, kélangan deleg."

Ketèk: „Tjalatoemoe ikoe bener banget, lan nélakaké tresnamoe marang akoe. Nanging kaprijé manèh akoe wis ora dojan mangan gempol manèh; dadi jèn ora bisa olèh lijané, kirakoe akoe sida mati kaliren."

Koera welas banget ngroengoe pasambaté ketèk, wasana tjalatoe: „Wis ta, mengkéné baé. Kowé adja loenga saka kéné disik, awit akoe koewatir jèn bingoeng, djalaran doeroeng naté. Akoe baé dakgolèk padikan, jèn wis olèh dakbali mréné kowé dakadjak."

Ketèk najogyani, bandjoer bali mènèk ing wit gempol manèh.

Koera noeli nggremet loenga, ora soewé bali karo ngoewoeh-oewoeh marang ketèk, temboengé: „É, mitrakoe ketèk, diénggal moedoena; akoe bakal awèh pawarta betjik marang kowé."

Ketèk énggal moedoen, koera tjalatoe manèh: „Ing wétan bener kéné ana katés wis mateng-mateng; moeng tjatjadé saiki akoe wis kesel, dadi ora bisa ngeteraké kowé. Wis, ta, menjanga dèwé!"

Ketèk doewé koewatir manawa diapoesi, moelané bandjoer tjalatoe: „Jén dèwé akoe emoh; jèn kowé ora kelar mlakoe, akoe gelem nggéndong."

Koera mangsoeli: „Ija jèn mangkono."

Koera digéndong ketèk marang panggonan katès, bareng wis teka moeli dibroekaké nganti moeni „ngèg." Tjalatoené ketèk: „Déné abot temen kowé ikoe koera."

Koera tjalatoe: „Ah, nganti senep wetengkoe; wis mènèka!"

Ketèk „Ija, nanging akoe kandanana disik, kang mateng ikoe apa énak?

Koera: „Kang koening ikoe mateng sarta énak; kang idjo isih mentah, doeroeng énak dipangan, lan akèh tloetoehé."

Ketèk énggal mènèk, bareng wis tekan ing doewoer, katès kang mateng dipangani dèwé, kang mentah ditibakaké, tjalatoené: „Iki lo, koera, kowé dakwènèhi sing mentah, sing mateng dakpangan dèwé baé isih koerang; karo déné manèh kowé ora mènèk, toer bisamoe teka kéné dak géndong."

Koera meneng baé, bandjoer ndisiki nggremet moelih marang rongé.

Ketèk lagi énak mangani katès mateng, baoené kiwa karasa lara, marga kena paser, banget ing kagèté; bareng noléh weroeh wong loro marani ing panggonané. Ketèk énggal moedoen sarta loemajoe moelih, ora éling pisan-pisan marang mitrané: koera.

Bareng palajoené ketèk woes tekan ing ngisoré wit gempol, weroeh koera wis ngénak-énak mangani gogrogan gempol. Ketèk

tjalatoe semoe nepsoe: „É koera, betjik temen atimoe, ninggal akoe tanpa kanda. Adjaa rikat palajoekoe, akoe mesti ditjekel ing wong bandjoer diranté ana gedogan."

Koera mangsoeli kambi goemoejoe: „Oepama akoe kowènèhi katèsé, mesti gelem ngentèni".

Ketèk rada kesinan, bandjoer mènèk ing wit gempol.

BAB 4.

Ngoendoeh nangka.

Let sawatara dina, ketèk moedoen manèh nemoni koera tjalatoené: „Mitrakoe koera, akoe ndjaloek pangapoera, déné anjar iki wis maéka marang kowé."

Koera: „Ija ora dadi apa. Wis loemrah ing ngaoerip pada sembranan."

Ketèk: „Soekoer jèn mangkono. Sédjé kang dakremboeg: saiki wetengkoe loewé banget. Apa kowé doewé padikan wohwohan manèh?"

Koera: „Wingi akoe dolan-dolan ngalor mrono, weroeh nangka wis pada mateng-mateng. Koetjiwané saiki awak koe sajah banget, ora kelar loemakoe adoh."

Ketèk: „Jèn moeng sabab mengkono baé ora dadi apa, awit akoe isih kelar nggéndong."

Nanging akoe kandanana disik, kaprijé tetengerané nangka mateng?"

Koera ing sawatara meneng baé, awit arep kanda barès, koewatir jèn diapoesi kaja kang wis, wasana tjalatoené: „Nangka ikoe angger dikeboek moeni „pek—pek" ija wis mateng, déné jèn „boeg—boeg" ikoe tanda jèn isih nom."

Ketèk lega atiné, koera noeli digéndong marang sangisoring wit nangka; bareng teka, ija dibroekaké kaja kang wis. Koera tjalatoe: „Sembranamoe ora mari-mari, kobroekaké wetengkoe nganti seneb. Wis mènèka!"

Ketèk énggal mènèk, sakèhing nangka kang dikeboek moeni „boeg—boeg" ditibakaké déné kang moeni „pek—pek" dipèk déwé.

Koera boengah banget, déné olèhé ngapoesi bisa kalakon betjik. Nangka kang ditibakaké déning ketèk énggal dipangan, noetoeg sakarepé. Déné ketèk olèhé ngrakoti nangka mentah, awaké, tangané lan matané goepak poeloet kabèh, nganti mèh ora bisa melèk, toer bareng njamploengé nangka woes kena, rasané ora énak. Banget ing soesah lan moering-moeringé; énggal moedoen marani panggonané koera. Ora saranta koera kang lagi ngénak-énak mangan bandjoer ditaboki sakajangé. Toedjoené endasé koera énggal didelepaké, dadi ora karasa lara. Ketèk tjalatoe: „Kowé ikoe koerang adjar banget, nangka mentah koawadaké mateng; bareng dakpangan awakkoe goepak poeloet kabèh, rasané ora énak."

PERPUSTAKAAN NASIONAL

Koera tjalatoe karo goemajoe: „Moenggoeh kesoesahanmoe ikoe satemené moeng saka panggawémoe ḍéwé; moelané mengkono, awit oepama akoe maoe kanḍa sanjatané, wis mesṭi nangka kang mateng bakal kopongan ḍéwé. Dadi saiki tjoelikamoe nemoe wewales sapantesé. Nanging kowé weroeha, akoe ora tégan. Iki lo, kowé dakngèngèhi sidji." Keṭèk olèhé nampani semoe isin, nangka énggal dipangan, rasané legi banget.

Sawisé wareg mangan, keṭèk bandjoer loemajoe bali marang wit gempol manèh, ora nganggo mikir mitrané. Déné koera ija bandjoer nggremet bali marang erongé.

BAB 5.

Nandoer geḍang.

Bareng woes watara lawas, keṭèk doewé karep nemoni koera; sawisé ketemoe bandjoer tjalatoe: „É mitrakoe koera kang legawa ing boedi lan asih marang mitra, watarakoe olèhkoe paḍa ora mangan woh-wohan salijané gempol iki woes ana saminggoe. Kang ikoe saiki akoe doewé kepéngin mangan geḍang, apa kowé bisa ngihṭijaraké?"

Koera mangsoeli: „Jèn kowé sagoeh marèni olèhmoe njija-njija ing akoe, akoe ija gelem noedoehaké."

Keṭèk: „Akoe saiki wis kapok, ora bakal gelem ngapoesi manèh marang kowé."

Koera: „Soekoer jèn kowé kapok; akoe ija ora bakal nggorohi kowé manèh.

Koelon kéné ana geḍang saḍapoer, kang awoh rong wit, saiki wis soeloeh. Ajo paḍa diparani, nanging akoe géndongen."

Keṭèk: „Ija, adja koewatir,"

Koera énggal digéndong marang panggonané geḍang, bareng wis teka koera tjalatoe: „Wis pènèken, sing koening-koening ikoe mateng, kang idjo isih mentah."

Keṭèk énggal mènèk, saka pangiranè koera isih ngapoesi manèh; moelané sakèhing geḍang kang koening ditibakaké, dipangani ing koe ra. Déné kang isih idjo dipangani ḍéwé, tloetoehé akèh, rasané sepet.

Bareng keṭèk woes moeḍoen, koera nḍisiki takon karo goemoejoe: „Kaprijé keṭèk, rasané geḍang mentah?"

Keṭèk wangsoelané semoe isin: „Akoe getoen banget déné ora nggoegoe marang kanḍamoe; moelané jèn lega atimoe akoe wènèhana kang mateng."

Wangsoelané koera: , Enjoh, kari teloe, pantjèn dakngèngèhaké kowé."

Geḍang énggal ditampani sarta dipangan, rasané legi banget.

Sawisé mangan, keṭèk tjalatoe marang koera: „Koera, betjiké geḍang kang satoenḍoen kaé dianggo widji baé, awit jèn ara mankono mesṭi pidjer kekoerangan pangan baé."

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Koera ing batin goemoejoe kepingkel-pingkel, tjalatoenné: „Jèn kowé gelem nandoer, ija tandoeren, akoe nrima nandoer anaké baé."

Mangkono ikoe kalakon, gedang satoendoen maoe ditandoer kabèh déning ketèk, nanging ora ana sidji-sidjia kang oerip; ndadèkaké banget soesah lan kedoewoengé siketèk.

Koera nandoer anaké, ikoe kang bisa oerip. Bareng wis awoh, lan wis ana kang soeloeh, koera nemoni ketèk, temboengé: „Ketèk, akoe welas banget, déné tandoeranmoe gedang pada mati kabèh, awit saking bodomoe, endi ana woh gedang ditandoer, kang loemrah rak ija anaké. Nanging atimoe ara soesah gela, awit tandoerankoe saiki wis awoh, malah ana kang wis soeloeh. Ajo pada dioendoeh,! Kowé kang mènèk."

Ketèk mangsoeli: „Betjik ing atimoe moega-moega diwalesa déning Allah tikel sèwoe."

BAB 6.

Ngoendoeh gedang.

Sanadjan remboegé ketèk kaja madoe, nanging moeng lair baé, batiné geting banget marang koera, awit kapinterané ngoengkoeli dèwèkné. Moelané saben dina golèk rékadaja moerih bisané ngapoesi koera.

Bareng ketèk lan koera woes teka ing sangisoring gedang, koera weroeh jèn ketèk nggawa kadoet; noeli takon: „Kadoet ikoe arep kógawé apa, ketèk."

Ketèk: „Arep dakanggo wadah gedang, awit jèn ora mangkono, akoe koewatir bokmanawa akèh kang bonjok".

Koera woes ngerti marang karepé ketèk, nanging étok-étok ngandel, tjalatoené: „Karepmoe bener banget." Sawisé tjalatoe mangkono énggal njedaki kadoet, èmperé kaja niti bokmanawa ana kang bolong. Bareng weroeh ketèk rada léna, kadoet énggal ditjatjah nganti amba bedahé. Sawisé mangkono, bandjoer awèh pratikel marang ketèk temboengé: „Betjiké kadoel ikoe talèkna bangkékanmoe, soepaja ora ngroebedi."

Ketèk mitoeroet, kadoet ditalèkaké ing bangkékan, noeli digawa mènèk.

Sawisé tekan ingdoewoer, ketèk énggal motèli gedang, kalebokaké ing kadoet. Sarèhning kadoeté bolong, dadi gedang maoe mrodjol kabèh, tiba ing lemah, ndadèkaké boengahé koera.

Bareng gedangé wis entèk, ketèk énggal moedoen; tekan ing lemah, bandjoer loemajoe mènèk ing wit gempol. Tjiptané: „Sigoemremet masa bisaa noetoeti. Jèn wis ana ing doewoer, gedang iki bakal dakpangan déwé; koera ora dakwènèhi."

Sawisé tekan ing doewoer, bandjoer mapan ing pragak, kadoet dioetjoeli saka ing bangkékan digandoel-gandoelaké ing pang.

PERPUSTAKAAN NASIONAL

Nanging bareng dideleng wis ora ana geḍangé, sarta kadoeté bolong; keṭèk banget soesah lan moering-moeringé. Énggal moeḍoen, marani panggonané koera. Ora saranta koera énggal ditaboki karo tjalaṭoe: „ Kowé ikoe genḍeng, kadoet woetoeh-woetoeh kotjatjah nganti amba beḍahé."

Koera ajem baé, wangsoelané; „Moelané kadoetmoe daktjatjah, moeng soepaja akoe kadoeman geḍang kang kooenḍoeh. Awit akoe wis weroeh marang karepmoe. Nanging kowé weroeha, akoe ora nijat gawé piala marang kowé. Jèn ora ngandel, iki lo, kowé isih dakngèngèhi akèh. Enjoh panganen!"

Sanadjan keṭèk isih nepsoe banget, éwa-déné geḍang maoe ija dipangan, awit wetengé loewé banget.

BAB 7.

Obong-obongan.

Sawisé wareg olèhé mangan, keṭèk tjalatoe: „Koera, saiki akoe wis roemasa kalah pinter karo kowé, awit sakèhing akalkoe, kowé wis weroeh. Kang ikoe ajo paḍa ngadoe kadigdajan, jèn akoe kalah, ija bakal manoet sakarepmoe; déné jèn kowé sing kalah, ija manoeta sakarepkoe".

Koera: „Satemené akoe goemoen, déné banget temen olèhmoe soemedya gawé karoesakankoe. Éwa samono pandjaloekmoe bakal daktoeroet, djer akoe pantjèn ora nijat gawé piala. Saiki kowé ngadjak apa?"

Keṭèk: „Ajo bong-bongan. Kowé dagbong ḍisik, jèn ora mati akoe bongen".

Koera: „Jèn mangkono, atimoe ikoe pantjèn ala temenan keṭèk, awit téga marang patiné mitra kang woes roeket. Dadi olèhmoe ngakoe mitra marang akoe ikoe moeng golèk djalaran bisamoe matèni akoe. Apa ora mangkono?"

Keṭèk: „Ja emboeh olèhmoe ngarani, nanging karepkoe mangkono. Kowé gelem apa ora?"

Koera: „Ija, gelem nanging kowé goléka kajoe sing akèh ḍisik dadèkna rong enggon. Kang saenggon kanggo ngobong akoe, lijané kanggo kowé."

Keṭèk énggal golèk kajoe akèh ditoempoek dadi rong panṭa, sasoewéné ikoe koera gawé rong djero ana sangisoring toempoekan kajoe kang bakal kanggo ngobong ḍèwèkné.

Bareng kajoené woes akèh, koera dikon loemeboe ing toempoekan kajoe. Koera loemeboe ing toempoekan kajoe kang ana rongé. Kajoené bandjoer disoemed. Geniné moelad-moelad.

Ora soewé ana pring ndjeblos. Saka pangirané keṭèk, kang ndjeblos ikoe koera; banget ing boengahé, tjalatoené:

„Paḍa mangsa paḍaa, imbang-imbangan baé ora; saiki kalakon enḍasmoe ndjeblos, kowé."

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Koera ngroengoe soembaré ketèk bandjoer mangsoeli: „Akoe doeroeng mati ketèk."

Ketèk goemoen banget, kajoené bandjoer diwoewoehi akèh. Bareng genine wis mati, koera metoe saka ing rong karo tjalatoe: „Akoe ora mati, ketèk. Lah, saiki kaprijé, kowé nrima kalah apa ndjaloek dakobong? Satemene akoe éman banget jèn kowé nganti mati, awit mitrakoe moeng kowé dewé."

Ketèk tjalatoe karo mbekis: „Ngisin-isini temen akoe kalah karo kowé. Lah mara akoe bongen!"

Sawisé tjalatoe mongkono, ketèk énggal loemeboe ing toempoekan kajoe, atiné aketir-ketir. Kajoe disoemed déning koera genine moelad-moelad.

Sanadjan awaké ketèk karasa panas banget, wiwitané dibetah-betahaké. Nanging soewé-soewé meksa ora betah; bandjoer loemajoe mènèk ing wit-witan.

BAB 8.

Soeling.

Watara lawas ketèk isin ketemoe karo koera, awit awaké pada mlonjoh kabèh.

Bareng awaké wis mari, ketèk bandjoer nemoni koera. Koera katemoe lagi énak njoeling ana sangisoring wit gempol.

Ketèk ngoewoeh-oewoeh tjalatoené: „É mitrakoe koera! Daksawang wangoené kowé saiki teka ajem, déné ngénak-énak njoeling, agawé sengseming atikoe."

Koera: „Déné ikoe ketèk. Mrénéa! linggih tjedak akoe kéné. Kowé dakkandani, wiwit akoe kotinggal, atikoe tansah soesah, awit ora doewé mitra manèh-manèh; moelané akoe bandjoer gawé soeling, kanggo nglipoer ati."

Ketèk: „Betjik temen soelingmoe, swarané bening, bok dakdelengé sadéla!"

Koera ora nglegéwa jèn bakal diapoesi, moelané soelingé bandjoer dioeloengaké marang ketèk. Bareng woes ditampani bandjoer énggal digawa mènèk marang wit gempol, tjalatoené ketèk: „Lagi iki akoe bisa ngapoesi kowé, koera! Jèn kowé njata prawira mara toetoetana soelingmoe!"

Koera banget soesahé, bandjoer tjalatoe ngasih-asih, kang soepaja soelingé dibalèkaké. Nanging ketèk ora pisan angrèwès.

Bareng wis tita pandjaloeké, meksa ora awèh, koera bandjoer loenga saka panggonan ikoe, soemedya golèk saraja. Lakoené noesoep-noesoep ing alas.

Ora antara soewé kepetoek karo klabang.

Klabang tjalatoe: „Déné iki kowé, koera. Daksawang kaja soesah, awakmoe koeroe, oelatmoe tjelong. Apa kang dadi sababé?"

PERPUSTAKAAN NASIONAL

Koera: „Bener pambatangmoe; atikoe dina iki pantjèn soesah banget. Moenggoeh kang dadi sababé, akoe diapoesi ing kętèk."

Koera noeli njaritakaké lelakoné wiwit ketemoe sapisan karo kętèk nganti tekan soelingé diplajokaké; wasana tjalaṭoenéa „Kang ikoe jèn lega atimoe, akoe ndjaloek toeloeng djaloekn: soelingkoe, awit soeling ikoe prasasat tataliné beripkoe; tegesé jèn akoe ora doewé soeling, atikoe manggoeng soesah, ora ana kang dakgawé nglelipoer."

Klabang mangsoeli: „Satemené akoe ija welas banget marang kowé; nanging adja dadi atimoe, akoe ora bisa tetoeloeng, sababé akoe moengsoeh kętèk ikoe prasasat timoen moengsoeh doerèn. Ija bener akoe bisa mènèk, nanging jèn katimbang karo kętèk, doeroeng ana sapara poeloehané. Déné wisakoe kirakoe doeroeng bisa matèni kętèk; moelané kokapak-kapakaké akoe ija meksa ora bisa tetoeloeng. Nanging kowé daktoetoeri, sapinggiré talaga kang ko-enggoni kaé, ana joejoe kangkang gędé, manggon ing rong, ikoe bokmanawa bisa tetoeloeng."

Koera tjalaṭoe manèh: „Kaprijé déné kowé doewé pangira, jèn joejoe kangkang bisa tetoeloeng, mangka lakoené rinḍik banget, awaké ringkih, gegamané ora lija moeng sapit, toer tanpa wisa."

Klabang: „Kowé adja ngina, joejoe kang daktjaritakaké ikoe gędé banget, sapité landęp. Agèk iki akoe weroeh, njapit oela sapoetjang, bisa mati kapisanan. Lan manèh atiné betjik, ḍemen tetoeloeng marang wong kesoesahan, kang tanpa ngalap opah. Moelané jèn kowé nggoegoe oedjarkoe, betjik ndjaloeka toeloeng marang joejoe kangkang baé; kirakoe ora bakal minḍo-gawèni."

Koera mitoeroet, bandjoer pamit arep nemoni joejoe kangkang. Klabang nglilani sarta njangoni slamet.

BAB 9.

Joejoe matèni kętèk.

Koera nggolèki joejoe kangkang, bareng wis ketemoe, banget goemoené, déné ana joejoe gędéné saténong, sapité kaja tjanggah, moelané ing batin boengah banget, awit roemasa nijaté bakal kelakon.

Sadoeroengé koera tjalaṭoe, joejoe woes ngaroeh-aroehi ḍisik, tjalaṭoené: „Déné ikoe kowé, koera! Kadingarèn kowé mréné, daksawang kaja nganḍoet soesah; ana gawéné apa?"

Koera: „Ah, ora kajaa joejoe, akoe iki pantjèn soesah banget, djalaran saka panggawéné kętèk." Koera bandjoer njaritak aké lelakoné miwiti malah mekasi; wasana tjalaṭoené: „Akoe toeloengana, djaloekna soelingkoe kang diplajokaké ing kętèk. Déné akoe ija bakal awèh apa-apa marang kowé, minangka patoewasé kangèlanamoe."

Joejoe mangsoeli: „Akoe ḍangan banget tetoeloeng, lan akoe ora ndjaloek apa-apa marang kowé; awit tetoeloeng marang

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sapaḍa-paḍa ikoe wis dadi wadjibé wong oerip. Wis ta, akoe toedoehna panggonané keṭèk."

Joejoe lan koera bandjoer paḍa menjang sangisoring wit gempol. Bareng wis teka, koera dikon ndelik, déné joejoe énggal mènèk marang panggonané keṭèk. Keṭèk tjalaṭoe: „Kowé, joejoe, apa gawémoe déné mènèk mréné."

Joejoe: „Wis sapasar iki akoe ngroengoe soeling kang swarané betjik banget, ndadékaké sengseming atikoe, bareng daktilingaké, kowé kang njoeling. Moelané akoe mrelokaké mréné, arep ngroengkaké panjoelingmoe."

Keṭèk: „Jèn karepmoe moeng mangkono baé, akoe ḍangan banget. Wis ta loenggoeha, ing pragak kono, soepaja ora koewatir tiba."

Sawisé tjalaṭoe mangkono, keṭèk bandjoer wiwit njoeling, nganggo leléwa kaja pratingkahé wong ndjogèd. Lagi tengah-tengahé njoeling joejoe njeḍak; goeloené keṭèk disapit nganti mèh toegel. Keṭèk mati tiba ing lemah bareng lan soelingé.

Saiki karepé koera woes kelakon, soeling kang ditresnani bisa bali, nanging atiné soesah déné mitrané mati. Bangkéné keṭèk dioepakara kaja déné manoesa, bandjoer dipenḍem karo nangis.

Joejoe kangkang, bareng wis moeḍoen saka ing wit, bandjoer njedaki koera, tjalaṭoené: „Jagéné koera, déné kowé nangis?"

Wangsoelané: „Satemené akoe ora mangga ndeleng bangkéné keṭèk, awit sanadjan kerep maéka marang akoe, nanging olèhé dadi mitrakoe woes lawas banget."

Joejoe tjalaṭoe manèh: „Kowé ikoe pantjèn betjik temenan atimoe, tanḍané ngowel marang patiné satroemoe kang ala banget. Pandjaloekkoe kowé adja soesah, awit patiné keṭèk ikoe ora lija moeng saka alaning atiné, dadi ora marga saka panggawémoe lan panggawékoe. Déné kowé wiwit dina iki mandjinga dadi mitrakoe; amarga pasaban lan pangankoe ora béda karo kowé".

Koera ngroengoe tjalaṭoené joejoe, soesahé ilang sanalika, awit sanadjan mentas kélangan mitra, nanging bisa olèh mitra kang loewih betjik beboedèné. Moelané tjalaṭoené: „Banget panarimakoe marang pitoeloenganmoe, lan saiki akoe woes ora soesah manèh, amarga bakal nemoe mitra kang legawa ing boedi sarta ḍemen tetoeloeng marang sapaḍa-paḍa."

Wiwit nalika ikoe, koera lan joejoe paḍa raket apawong- mitra ndadèkaké ing kaslametané.

TAMAT

PERPUSTAKAAN NASIONAL

wadjibé wong oerip. Wis ta, ab
ek."
djoer padja menjang sangisoring w
a, koera dikon njelik, déné joej
gonané ketèk. Ketèk tjalatoe: „Kon
méné mréné."
akoe ngroengoe soeling kang swara
engseming atikoe, bareng daktilingak
lané akoe mrelokaké mréné, ar
eng mangkono baé, akoe dangan
a, ing pragak kono, soepaja or
o, ketèk bandjoer wiwit njoeling,
kabé wong ndjogèd. Lagi tengah-
lak; goeloené ketèk disapit nganti
a ing lemah bareng lan soelingé.
kelakon, soeling kang ditresnani
sah déné mitrané mati. Bangkéné
manoesa, bandjoer dipendem karo

is moedjoen saka ing wit, bandjoer
agéné koera, déné kowé nangis?"
koe ora mangga ndeleng bangkéné
naéka marang akoe, nanging olèhé
nget."
owé ikoe pantjèn betjik temenan
rang patiné satroemoe kang ala
adja soesah, awit patiné ketèk
ning atiné, dadi ora marga saka
oe. Déné kowé wiwit dina iki
narga pasahan lan pangankoe ora

joejoe, soesahé ilang sanalika,
mitra, nanging bisa olèh mitra
é. Moelané tjalatoené: „Banget
anmoe, lan saiki akoe woes ora
moe mitra kang legawa ing boedi
sapadja-padja."
joejoe padja raket apawong mitra

AT

II

SERAT

TRIDYATMIKA

Bantahipoen tekèk, klarap lan boenglon, ngrembag bab kemadjengan.

Mawi gambar tigang idji.

ANGGITANIPOEN

R. TJITRAWASITA.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA





KLARA

Wonten satoengg
tijang, kaṭah kéwa
warak, kidang, sa
bangsa keṭèk: ran
bangsa peksi: mer
bèṭèt, srinḍit lan
roemangkang bang
klarap toewin boen
pijambak-pijambak,

Menggah gesangi
sarta ajem, awit bot
mila sangsaja dame

Manawi pinoedj
sampoen oemjoeng
oengeling kéwan
manahipoen tijang

Ing salebetipoen
tojanipoen sakalan
woehan mawi se
pangombènipoen ké

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA



KLARAP, TEKÈK LAN BOENGLON.

Wonten satoenggiling wana ageng ingkang awis kaambah ing tijang, kaṭah kéwanipoen awarni-warni, kados ta: sima, gadjah, warak, kidang, sangsam toewin banṭèng sapanoenggilanipoen; bangsa keṭèk: rangoetan, boeḍeng oewa-oewa, loetoeng toewin bangsa peksi: merak, méntjo, soewari, nori, tjenggèrèt, engkik, bèṭèt, srinḍit lan sanès-sanèsipoen, poenapa malih kéwan roemangkang bangsa tjetjak, kawoek, njambik, slira, tekèk, klarap toewin boenglon, sadaja sami gegolongan sabangsanipoen pijambak-pijambak, sarta sami wonten ratoenipoen.

Menggah gesangipoen kéwan sadaja waoe sami seneng-seneng sarta ajem, awit boten wonten tijang ingkang poeroen amoena-sika, mila sangsaja damel asrining wana ngrikoe.

Manawi pinoedjoe mangsa terang, wiwit djam 5 éndjing sampoen oemjoeng swaraning peksi ingkang sami ngotjèh toewin oengeling kéwan wana awarni-warni, adamel lam-laming manahipoen tijang ingkang sami mirengaken.

Ing salebetipoen wana poenika wonten senḍangipoen satoenggil, tojanipoen sakalangkoeng wening, sarta kinoebeng ing tetoe-woehan mawi sekar warni-warni; tojaning senḍang dados pangombènipoen kéwan wana sadaja.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Ing sendang ngrikoe wonten kawoek satoenggil ingkang ageng sanget, inggih poenika Ratoening njambik toewin bangsa tjetjak sadaja.

Sarèhning bangsa tjetjak poenika béda-béda wataking panggesanganipoen, inggih poenika wonten ingkang namoeng gesang ing darat lan wonten ingkang saged gesang kalih panggénan, ing daratan lan ing toja, kados ta: kawoek, njambik sapanoenggilanipoen, mila saking bangsa tjetjak waoe sadaja ingkang katawis dipoen sihi ing Ratoenipoen inggih poen njambik toewin slira, sarta minangka dados pepatihipoen.

Katjarijos wonten satoenggiling klarap ingkang pinter sarta wasis ing witjara, tjoekat trampil ing pratingkah sarta kendel,



PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

mila inggih ladak pambekanipoen, poenika moerina sanget ḍateng kaloehoeranipoen njambik. Klarap waoe sampoen lami anggènipoen mboedi akal, kepéngin dados kekasihing Ratoe toewin angsal kadradjadan lan kaloehoeran, mila adrenging manah namoeng baḍé séba ing Ratoenipoen, njoewoen sih kadarmaning Ratoe kawoek, sageda pikantoek kadradjadan loehoer. boten béda kalijan kaloehoeraning njambik toewin slira. Anoedjoe satoenggiling dinten klarap késah ḍateng panggènaning mitranipoen, inggih poenika tekèk.

Tekèk: „Lo, déné iki si klarap; kok bregas, nganggo klambi djeblagan, rompi lan krahé poetih, akaloeng ḍasi koening, teka nganjar-anjari, dalah solah bawané kaṭik diowahi. Arep menjang endi, ja? Apa arep najoeb?"

Klarap: .„Ah wis menenga, adja kakéhan goenem; kowé weroeh djawané apa ta? Ora weroeh obah-obahing djaman, moelané kowé gawok, wong menganggo apik komoerinani apa kowé ora soemoeroep jèn akoe kaoem moeḍa, doedoe bangsané kaoem koena baja kowé mangkono. Djaman bijèn karo saiki adja kooewor baé; saiki djaman kemadjoean, samoebarang pratingkah lan kaanan mesṭi owah. Delengen baé wong Djawa saiki, akéh sing madjoe, pada angoedi marang kapinteran. Sanadjan panganggoné akèh kang tiroe bangsa sabrang, ana kang tjara Walanda, tjara Toerki, tjara bangsa Mlajoe oetawa tjara Entjik Bandjar. Lah ikoe tekèk tanḍané wong Djawa wiwit paḍa madjoe; sanadjan akoe awoedjoed sato oega soeṭik kèri."

Tekèk: „Tjalaṭoemoe mangkono ikoe jèn dakpikir-pikir kok angetjemong; sanadjana wong koemaloengkoeng kaé ja adja kobandjoer-bandjoeraké, dadi ora aran wong owah pikiré. Kowé koewi rak sato tjilik ora makolèhi apa-apa, éwadéné koemaloengkoengmoe kepati-pati, jèn memènèk ingendi pangonan mesṭi di-ijod-ijod. Apa soemelang roeboeh oetawa pantjèn pamèr karosan? Ija ora natjad akoe marang kawasisanmoe lan éndagmoe maboer, njata kowé sato pinter, nanging keladaken. kadoek pamoewoes. Karo manèh apa paédahé kok dadi kowé ngiloni embjaking manoesa?"

Klarap: „O, tekèk kowé adja kliroe tampa. Akoe karo manoesa ikoe ora ana bédané; paḍa-paḍa titahing Allah lan paḍa pinaringan oerip; dadi ija wadjib jèn angoedia marang kama ljoeaning oeripé. Delengen baé wong Djawa saiki akèh kang paḍa ngadegaké pakoempoelan lan njoewoen marang nagara, soepaja moewoehi lan ngadegaké pamoelangan warna-warna, sarta njoewoen kang soepaja sakèhing wong Djawa dipranata paḍa wewenangé karo bangsa ngamantja. Tjekaké saiki wong Djawa sangsaja pinter lan kendel. Akoe samono oega, kepéngin ngoedi kadradjadan lan kaloehoeran, bisaa maḍani marang kaloehoerané si njambik. Ora kaja kowé mangkono tekèk, anggepmoe amanḍita, memangan saanané moeng saben soré, aḍang-aḍang ing sangareping gowok, narima

jèn ana mroetoe kang mara lagi kotjaplòk. Jèn bengi ora kendạt amoedji ḍikir, saben djam bengak-bengok „tekak-tekèk", nanging jèn rina toeroe ngalengger; jèn noedjoe dioendang kendoeri koerang akèh brekaté garoendelan. Lah apa mangkono ikoe wataké pandịta loewih? Kirakoe tangèh; kang mesṭi ora lija mangkono ikoe moeng saka kesèdmoe baé."

Tekèk: „Ah, dakrasak-rasakaké remboegmoe ikoe ngajawara. Moenggoeh ing akoe klarap, ora perloe wong ngoedi kaloehoeran ikoe sarana briga-brigi nganggo ngoengasaké kapinteran lan kekendelan mangkono, awit prakara ikoe ora gampang sarana rinoda peksa, ora lija moeng koedoe kanṭi narima lan rada tirakat ing sawatara, nenoewoen ing Goesti Allah dimèn énggal antoek kanoegrahan kaja kang kosedya ikoe. Dadi ora perloe ngaja-aja; soekoer manawa rạda dibanteri tapané, amesṭi gelis toemekané marang kaloehoerané. Ananging klarap, kang mengkono ikoe jèn pantjèn trahing ngawirja pantjèn wadjib; balik akoe oetawa kowé iki trahing sato nisṭa papa, ora patoet manawa mboedia nemen-nemen, betjik narima baé. Karo déné manéh nadyan manganggo kang kaja kowé ikoe ija koerang patoet. Ingatasé sato tjilik, toemitah dadi kawoela nganggo-anggo moeng angger bisa toekoe baé, ora nganggo mawang gẹḍé tjiliking pangkaté awaké, mangkono ikoe destoen moeng agawé éwaning para panggẹḍé."

Klarap: „O, tekèk, loepoet pangiraṁoe. Djaman saiki adja dipaḍa karo djaman koena. Djaman koena wong kang koedoe nggajoeh kaloehoeran patoet koedoe banter tapané, awit bakal misoewoer ing kadigdajané. Balik djaman saiki prakara tapa wis ora kanggo, nagara ora nglilani; sing sapa kepéngin nggajoeh kedradjadan koedoe pinter lan wasis ing kasoesastran sarta kendel, ora milih trahing bangsa loehoer baé, sanadjan trahing soedra papa angger kasinoengan kapinteran lan kabidjaksanan ija bisa dadi loehoer.

Prakara panganggo djaman saiki oega ora ana alangané. Delengen wong Djawa! Kang akèh saiki wis manganggo tjara Walanda, tjara Entjik lan lija-lijané, sabab nagara wis nglilani; akoe oega roedjoek banget moelané akoe niroe moempoeng oerip dakkatogaké, jèn mati mangsa ndadak manganggo mrabot ora woeroeng moeng dioeroegi lemah.

Alija saka ikoe owahing panganggokoe oega anarik marang kakendelankoe sarta bandjoer angoenḍakaké pangoedikoe marang kawasisan, wekasan bisa gawé kadjèn lan kéringané sato lijané marang akoe; pangarep-arepkoe, kabèh bangsakoe paḍa tiroea kendel kaja akoe."

Tekèk: „É, é, klarap, ambekmoe kang mengkono ikoe tjoemanṭaka banget, lah apa paédahé? Trahing sato mono trahing kawoela, dadi patoet jèn moeng toemindak ing sakadaré, adja koedoe angemori prakara kang doedoe mesṭiné, loewih ala wong kang

PERPUSTAKAAN NASIONAL

ngawroehi gegebengan lan wadining Ratoené, ora woeroeng nemoe sesikoe. Betjik netepana marang kawadjibanmoe dèwé lan nglakonana panggawé kang kowé woes soemoeroep, adja dahwèn marang prakara lijané, ikoe loewih prajoga."

Klarap: „Ikoe loepoet tekèk, panemoemoe. Sok mangkonoa anggonmoe atjikla-tjikloe ikoe rèmèh banget pamrihmoe, dadi perloemoe moeng adja kongsi mati keloewèn baé, moelané moeng narima saanané. Jèn akoe ora mangkono, tekèk. Gampang banget ingatasé akoe bisakoe antoek pangan; ora-orané jèn ngantia kekoerangan, sanadjan ora pati akèh. Ananging akoe kepéngin dadi loehoer lan bisaa olèh kabegdjan kang loewih; dadi enggonkoe toemitah ing alam donja iki doewé pamrih kang koesoes, lah ja ikoe panggawé kang moelja, awit sing sapa moeng narima, marem moeng marga wareg mangan lan ngombé, loewih manèh ora mikir marang kasangsarané sanak sadoeloer lan mitra karoeh kang toeloes, ikoe trahing soedra. Ananging panemoekoe ora mangkono, tekèk; ing ngaoerip patoet doewéa panggajoeh kang loehoer. Sanadyan kaloehoeran maoe ora toeloes ing salawasé, adja kendat ing pamrih bisané dadi loehoer lan moelja, awit wong kang loehoer ikoe tansah olèh ing pangadji-adjining lijan, soekoer bisa njarambahi marang bangsané. Oedjaré wong kang terang ing boedi: sing sapa kasinoengan kaloehoeran lan kamoeljan, nanging ambek nista ikoe bakal nemahi pati; nanging oerip kang tanpa pangoedi ikoe wis prasasat mati."

Tekèk: „Ija bener klarap, oedjarmoe ikoe, lan oega patoet jèn dasar trahing ngawirja, tedaking wong kang bèrboedi, wadjib jèn doewéa panggajoeh loehoer. Balik akoe lan kowé iki ora patoet, awit trahing sato nista, toer ora makolèhi apa-apa ingatasé Ratoené. Éwadéné kowé teka kadereng kepéngin angrenggani dradjat loehoer, mangkono ikoe djenengé kegedèn endas koerang oetek. Ambok adja kepati-pati, moendak kena sikoening Pangéran. Goesti Allah ora nglilani jèn ana kawoelané kang ambek adigang-adigoeng. Betjik kang sabar narima, ingakérat tjinadang kaswargan adi."

Klarap: „Ho, o, tekèk, sisip pikirmoe. Ora moeng wong asal gedé lan moelja oetawa kang makolèhi baé kang bisa olèh daradjat lan kamoeljan, djer sing sapa pinter ija bisa olèh. Déné wong kang tansah djirih lan oewasan atiné, salawasé tansah dadi asor. Sardjana kang trang ing boedi pasti bisa ngoepaja saliring prakara kang moelja, ora mèngèng ing roebéda, koewat nahan marang sakèhing kasoesahan. Sanjatané gampang kadradjatan ikoe dadiné roesak, awit oepama wong ngangkat barang kang loewih déning abot, masti oega gampang tibané ing lemah, moelané wong kang djirih tansah oewas lan wedi ing kasoesahan. Moeng wong kang pantjèn demen nggajoeh moerih bisa katekan kang disenengi, ikoe kang bakal anglakoni. Oedjaré wong kang witjaksana: „Sing sapa kang njata tresna

ing oeripé, ora soemingkir marang panandang lan prihatin, moeng wong kesèd kang masṭi wedi njanggoepi saliring panggawé, nanging ija bakal asor salawasé. Kowé rak ija wis weroeh manawa dedalané marang kaloewihan ikoe saka prihatin warna-warna; moelané sing sapa ora miris ing panandang, tetéla bisa kaleksanan ing sedyané, bisa dadi loehoer, sarta bisa dadi misoewoer.

Lah kaprijé tekèk pamikirmoe? Apa ora prajoga jèn akoe lan kowé paḍa angoedia kang mangkono? Adja soeṭik marang paiting koelit, manawa kowé kepéngin ngrasakaké isiné kang legi goerih. Amarga saka ikoe moelané tangèh jèn akoe bakal ngoendoerana sedyakoe."

Tekèk: „Ija pantjèn bener remboegmoe ikoe nanging kaprijé bisané kaleksanan kekarepanmoe kang mangkono maoe, lan rékané kaprijé, awit wong nggajoeh kadradjatan ikoe gawat banget. Rékadaja kang endi kang bakal ko- empakaké moerih loepoet ing roebéda?"

Klarap: „Prakara ikoe gampang. Akoe arep sowan ing ngarsaning Sang Ratoe Kawoek baé, njoewoen pangadilan lan sih kadarmané. Bok manawa Sang Praboe karsa nggalih lan karsa nḍahar atoerkoe kang marga saka wasiskoe ing temboeng; kirakoe masṭi bisa kelakon apa kang dadi sedjakoe maoe."

Tekèk: „O, o, klarap, kirakoe ora gampang jèn mangkono baé patrapmoe. Sanadjan kowé dianggepa atoermoe kang aroem manis, nanging kaja-kaja ora lawas kowé dianggep ing salawasé, apa manèh jèn pantjèn patrap-patrapmoe kang nganjar-anjari ikoe isih kolestarèkaké baé, wis masṭi moeng bakal dadi pangéwan-éwan. Apa kowé ora soemoeroep marang wewatakané para loehoer? Kirakoe rékadaja kang akèh-akéh ikoe destoen moeng bakal agawé kabegdjan marang bangsa lijané, temahan sajah lan kangèlanmoe tanpa gawé."

Klarap: „Ah tekèk, akoe ora bodo, awit akoe soemoeroep oega, sing sapa gelem nglakoni pratingkah kang patoet sarta pinter lan trampil ing nalar, wis masṭi akèh moebarang gawé kang bakal linakonan, kang agawé kabegdjan geḍé. Akoe tansah kèlingan marang oetjaping wong kang terang ing boedi mangkéné: „Kawitjaksanan lan teranging boedi ikoe amakolèhi marang sakèhing djanma." Sing sapa olèh kawroeh terang, wis masṭi bisa ndjoendjoeng awaké."

Tekèk: „Ija bener lan akoe oega woes soemoeroep marang tjoekat lan trampilmoe, kirakoe ija oega bisa, kowé anglèlèr boedi kang loewih montjèr ingarsané Ratoemoe, nanging adja doewé pangira jèn Ratoe bakal misoeḍa manḍak moeng saka montjèring pikirmoe baé; awit terkaḍang ana oega Ratoe kang karsa misoeḍa marang kawoelané kang pantjèn loewih migoenani, ja ikoe trahing ngaloehoer. Balik kowé sato nisṭa, kirakoe ora ana Ratoe kang karsa ngabdèkaké marang kowé. moelané saka pamikirkoe sakèhing

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

réka dajamoe kang moerih kadjèning awakmoe maoe bakal tanpa gawé; wekasan enggonmoe kepéngin sinoengga-soengga maoe toewas agawé boengahing satroemoe nalikané kowé nemoni kawirangan."

Klarap: „Prakara ikoe akoe wis ngerti lan oega wis weroeh jèn akoe ora bisa olèh kadradjatan sadjroning sadina rong dina, nanging patoet ing saselot-seloté; moelané pangèstining atikoe, kang ḍisik Sang Praboe woeningaa marang kadarman lan kawasisankoe. Moenggoeh wadjibing ngawoela Ratoe ikoe: sapisan adja kongsi katon soentroet polatané, koedoe soemèh; kapinḍo: weroeh doer; kaping teloe: ora adigang-adigoeng; kaping pat: adja angangsa-angsa; kaping lima: koedoe taberi lan kenaa pinitaja ing Ratoené lan adja angresoela ing sabarang rèhing Goesti. Manawa netepi kabèh maoe, masṭi bisa katekan sedyané."

Tekèk: „Ija klarap, ing sarèhné kowé pinter ing sabarang rèh, ija moega-moega kowé bisa énggal olèh kadradjatan kang loehoer, soekoer bisa dadi pangajomaning bangsamoe; nanging manawa wis kelakon bisa, kaprijé pangreksamoe, kang soepaja kowé pinitaja lan disihi ing Ratoe ing salawasé?".

Klarap: „Akoe bakal anetepi piwoelanging para sardjana, jaikoe koedoe manoet ing saḍawoehing Goesti akanṭi temen lan djoedjoer ing ati. Akoe koedoe bisa oetawa andoewèni sedya kang moerih rahardja sarta angloehoeraké ing sakarsaning Ratoe, apadéné sakèhing panemoe bisaa agawé soeka pirenaniag panggalihé. Manawa Ratoe arsa tindak loepoet kang bakal agawé roesaking nagara, akoe koedoe bisa matoer ngarih-arih kanṭi bebolèh kang betjik, soepaja Sang Praboe karsa anjegah karsané kang loepoet maoe. Ing wekasan manawa Sang Praboe ngawoeningani marang teranging boedikoe, masṭi karsa nḍahar marang atoerkoe, satemah Sang Praboe angela-ela marang akoe karsa nggandjar daradjat kang loehoer: awit kadarman ikoe dakoepamakaké emas kang kapenḍem ing enḍoet, ora bakal sirna warnané emas."

Tekèk: „Akoe woes soemoeroep manawa anggonmoe adreng soewita ing Ratoe ikoe sabab saka kasmaranmoe marang dradjat lan oega wis ngerti manawa kowé weroeh marang wadjib-wadjibing ngawoela ing Ratoe; ananging toemrap pagawéan sing gèsèh karo kang kooetjapaké maoe amasṭi ora bakal gampang, moelané kang rada sarèh adja kesoesoe, niṭik-nitika lan ngreroengokna ḍisik, awit ora koerang kawoelané Ratoe kang nemoe kasoesahan amarga Ratoe ikoe terkaḍang ora djedjeg adilé. Teloeng prakara piwoelangé wong pinter kang koedoe ko-èlingi, ja ikoe: sapisan nggajoeh dradjading Ratoe; kapinḍo ngoental ratjoen ginawé djamoe, kaping teloe meḍar wadi marang wong wadon. Alija saka ikoe, Ratoe ikoe oepamané goenoeng oetawa alas goeng liwang-liwoeng akèh sato galak warna-warna kang mbebajani; dadi ora patoet jèn anjeḍakana, oetawa oepamané sagara geḍé

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

akèh barang kang adi aèng lan dadi ambah-ambahané para soedagar, nanging njata mbabajani."

Klarap: „Bener tekèk remboegmoe, akoe oega woes soemoeroep èwoehé wong soewita Ratoe, nanging sanadjan pakéwoeh akoe ora nedya moendoer, awit oepama pradjoerit wedi ing perang, amasṭi ora bakal olèh bintang, oetawa wong dagang wedi ing kapitoenan, ija ora bakal baṭi. Ana teloeng prakara piwoelanging wong kang terang ing boedi, oeniné mangkéné: „Sapisan njaketi Ratoe, kapinḍo dagang lajar, kateloe kendel ing perang. Nanging sarèhning kekendelankoe ora bisa ngloewihi pangoewasakoe, betjik ngawoela baé ing Ratoe bokmanawa bisa katekan ing sedyakoe. Kaja-kaja kena dakpasṭèkaké, jèn akoe bakal olèh kamoeljan kang tjonḍong karo sedyakoe; awit sing sapa arep moelja adja wedi ing kasoesahan kang bisa agawé soeka pirenaning Ratoe lan bisa anglelipoer jèn noedjoe soengkawa."

Tekèk: „Ija klarap bener kabèh kanḍamoe maoe, nanging sanjatané akoe oega weroeh jèn kowé ikoe sato kang djoelig, tjoelika, djail, panastèn lan opénan, moelané sakèhing remboegmoe maoe sanjatané moeng lalamisan baé tangèh jèn temena. Adat wong arep olèh ikoe oedjaré manis aroem, nanging manawa woes olèh kang kinarepaké bandjoer lali malah ana kang kebandjoer males ala, lah ikoe wataké moenjoek; manawa arep ndjaloek nganggo mbaḍoet, nanging bareng wis olèh geḍang angiwi-iwi, jèn ditjeḍaki mengingis oentoené. Moelané klarap akoe ora pati ngandel marang oedjarmoe kang akèh maoe. Loewih manèh remboegmoe kang arep atetoeloeng lan dadi pangajomaning bangsamoe, samenḍang ora pratjaja. Andel-andelé loepoeté kang kogajoeh, toemiba ing lijan sato „njambik oetawa slira" toenggalè kang wis dadi loehoer kaé, oetawa marang bangsamoe kopernah-pernahaké, kowé panas atimoe."

Klarap: „O, tekèk! Ikoe ora mangkono; mokal manawa akoe bisaa atoeloeng kabegdjan, awakkoe ḍéwé ora begdja. Lah apa goenané tetoeloeng kang kanṭi daklaboehi kangélan, ora wedi ing bebaja saoepama moeng agawé kabegdjaning lijan baé? Lan manèh anggonkoe moerih marang sih kadarmaning Ratoe kang kanṭi angasih-asih lan kangélan ikoe akoe ora boḍo, saoepama nganti mlèsèd marang lija, oetawa sihing Ratoe kongsi toemiba ing lijané bangsa kang sanjatané toeking sih maoe saka pamboedi-dajakoe. Manawa mangkono ora woeroeng moeng bakal agawé sak seriking atikoe kang wekasan ṭoekoel tékadkoe kang ora prajoga."

Tekèk: „Lo, lo, klarap, ikoe ora mangkono. Ikoe kang loepoet kowé ḍéwé, awit saka pangangsa-angsamoe. Dadi saoepama kowé arep nindakaké tékadmoe kang ala ora woeroeng bakal toemiba marang kowé ḍéwé; moelané pitoetoerkoe éling-élingen, adja koedoe agawé kaloepoetan; lan manèh kowé adja bakal ngloepoetaké lijan saoepama kalakona, awit prakara ikoe loepoetmoe ḍéwé. Soea-

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

pama kowé maoené ora kadereng marang kaloehoeran, amasṭi kowé ora bakal nemoe kasoesahan."

Klarap: „Lah ija tekèk, jèn dak pikir-pikir oega bener remboegmoe, moelané oega genahna, réka daja endi kang masṭi daklakoni oepama kelakon mangkono; kang soepaja sihing Ratoe marang akoe ora bisa pegat."

Tekèk: „Kowé rak ja wis soemoeroep, bijèn moela akoe ora koedoe miloe marang lakoemoe ikoe, lakar akoe ora soedi marang lekasmoe kang mangkono maoe lan akoe oega wis toetoer akèh-akèh; nanging rèhning kowé kaja ora koedoe manoet marang akoe, ija lestarèkna sedyamoe maoe kang kokira bakal dadi betjik, nanging akoe ara koedoe miloe."

Klarap: „Ija tekèk, akoe oega woes soemoeroep manawa kowé ora sardjoe, nanging akoe ora bakal angoendoeri sedyakoe maoe. Akoe bakal ngempakaké sakèhing rékadaja marang Sang Praboe, soepaja sihing Sang Praboe moeng toemiba marang akoe ḍéwé. Akoe masṭi bakal nganggo temboeng kang ngasih-asih lan manoehara, kang soepaja Sang Praboe dadi ilang pitajané marang sato lijané kang pantjèn wis disihi. Ing sarèhning akoe kendel lan wasis ing witjara, isin banget oepama ora katoeroetan sedyakoe, ja ikoe manawa nganti kaloehoerankoe toemiba ing lija sato kaja bebolèhmoe maoe. Akoe oega soemoeroep ngadiling paréntah nagara ikoe, sapisan: ndjaloek baliné daradjaté lawas; kapinḍo: ngati-ati; kaping teloe: bisa mbirat pakéwoeh kang metoe saka awaké ḍéwé; kaping pat: nggolèk kabegdjan; kalima: noenḍoeng marang moengsoehé. Lah ikoe tekèk, moelané akoe oega bakal doewé hak oepama ndjaloeka kadradjatankoe kang toemiba ing lijan sato. Mangkono oega akoe ngroengoe, moelané wong Djawa saiki paḍa katon madjoe pangoediné, oega saka kepinginé bisa bali kadradjatané bijèn, apadéné pangoewasané bisaa bali marang wong Djawa manèh. Mangkono oega moenggoeh ing akoe, tekèk! wadjib ingatasé mboedia akal moerih baliné kaloehoerankoe."

Tekèk: „Ija, nanging nijatmoe kang mangkono maoe tetéla ala, moelané akoe ora nganggep. Lan manèh akoe ora pratjaja manawa kowé bakal bisa olèh dedalan kang gampang arep angloengsoer pangkat kang woes toemiba ing sato lijan, kang pantjèn wis disihi ing Ratoe, kongsi kowé diangkaṭ kang loewih loehoer tinimbang njambik oetawa slira. Moelané rékadajamoe ija bakal tanpa gawé. Karo manèh apa bener saoepama Sang Praboe karsa misoeḍa marang kekasihé angoengkoeli abdiné kang woes kawisoeḍa linoewih, manawa kekasih maoe ṇjata ala? kirakoe tangèh banget."

Klarap: „Apa kowé ngira, jèn abdi kang wis winisoeḍa ora bakal anglakoni panggawé ala kang moerih karoesakaning Ratoe; awit Sang Praboe ora ngawoeningani lan ora miḍanget remboeging kawoela ing sadjabaning kaḍaton, moeng ngandel marang abḍi

kekasih baé. Apa manèh manawa ora ana kang pantjèn kena dipitaja. Manawa mangkono wis masṭi nagara dadi roesak, Ratoe kena bebendoe linoewih. Ora moeng akoe ḍéwé kang ndoewèni pikir mangkono. Sakèhing wong kang woes oenḍagi marang lakoening paréntah, panemoené ora gèsèh. Nem prakara kang dadi marganing karoesakaning nagara lan Ratoené ja ikoe:

I. Manawa Ratoe ora mradoeli marang kawoelané, nglarakaké atining abdi, natjad marang wong kang poetoes terang ing boedi, ora karsa nḍahar atoering para abdi kang njata soedjana.

II. Karem amerangi nagara lijan tanpa sabab; toemindaking paréntah nagara moeng nggega sakarsané ḍéwé, sarta sawenang-wenang marang kawoelané.

III. Ratoe ḍemen angoedja marang karsané sanggama, minoem, kasoekan lan madat.

IV. Nagara kongsi kambah ing pagering oetawa pailan, akèh doerdjana rina wengi oetawa kekobongan oetawa kebandjiran.

V. Manawa Ratoe tjenḍala oetawa njengit, panastèn, dahwèn, opénan, ḍemen midosa marang wong tanpa mélik.

VI. Ratoe atinggal kaoetaman, njoelajani ing katemenan, Ratoe angadjak roekoen marang moengsoeh kang andon djoerit oetawa merangi nagara kang pantjèn ngadjak beḍami: ngapoera marang wong kang pantjèn dosa, kang wadjib binoewang adoh."

Tekèk: „Lah ija sakarepmoe klarap, pantjèn kowé wasis ing temboeng, nanging ora soesah kowé ngremboeg rahajoening nagara, awit nijatmoe lakar ora patoet, moeng amrih roesaking nagara, angadjab koesoeting Ratoe amoedji roesaking abdi, megat katresnan, ngroesak karahardjaning nagara, kang marga saka djail lan panastènmoe. Ora ngèlingi jèn sing sapa gawé piala wekasan nemoe bilai; wong kang djail, agawé roesak marang awaké ḍéwé. Sing sapa nglakoni kaloepoetan kang agawé tjilakaning lijan, ora woeroeng awaké ḍéwé kang nemoe tjilaka; wong ala mesṭi ora soeka awit geḍé dosané. Jèn wong oerip ikoe sardjoe nenitèni sakèhing pratingkah lan panggawé kang goemelar ingalam donja iki, amasṭi oega weroeh, jèn wong betjik winales betjik, wong ala winales ala. Moelané wekaskoe klarap! sirnakna sedyamoe kang ala ikoe, ja ikoe kaderengmoe anggonmoe arep gawé karoesakaning lijan bangsa, ikoe ora prajoga banget."

Klarap: „Moenggoeh saka roemasakoe akoe ora loepoet, kaja ta akoe moerina marang si njambik oetawa slira, sabab ḍèwèké angasoraké marang awakkoe oetawa agawé seriking atikoe. Nglengkara banget jèn wong tinenḍang ora koedoe njengkah; woes beneré jèn akoe matrapana wewales. Sanadyan akoe saiki wis roemasa jèn si njambik lan slira kaé ora nganggep samaning sato marang akoe dianggep sato nisṭa, moelané patoet jèn akoe mboedidaja moerih oléha kaloehoeran."

Tekèk: „Sok mangkonoa njata kowé ikoe wangkot, sakèhing bebolèhkoe tanpa goena, kowé ora mikir babar-pisan marang

bebolèhkoe kang betjik-betjik, ora gelem anenitèni kang sisip. Nanging ja moeng ikoe pitoetoerkoe, klarap! Ora soedi jèn minḍoa gawé; sarta ja adja ngira manawa gampang kowé agawé roeboehé si njambik oetawa slira, awit kowé tjilik aringkih. Balik si njambik gagah prakosa, akèh mitrané kang bakal sardjoe tetoeloeng kanṭi lega atiné. Ora kaja kowé mraṇa-mréné moeng koedoe mbekoek awit saka koemingsoenmoe, sarta paḍa angengis-engis."

Klarap: „O, tekèk! akoe ora bakal mèngèng marang gagah prakosané si njambik oetawa s'ira. Sanadyan akoe tjilika, amasṭi bakal oenggoel, awit saka kawignjan lan kawasisankoe, sarta teranging boedikoe. Oedjaring wong terang ing boedi: wong sawidji kang terang boediné, ngoengkoeli wong saleksa. Kowé rak woes soemoeroep jèn bangsa Walanda ikoe nagarané loewih tjilik tinimbang poelo Djawa, soeprandéné doewé kaléréhan nagara pirang-pirang kang djembar tanahé. Apa ora woes njata jèn karosan kalinḍih déning boedi kang witjaksana?"

Tekèk: „Ija, klarap, pantjèn kowé bangkit ngaṭik-aṭik temboeng, nanging jagéné kowé ora soemoeroep jèn si njambik lan slira ikoe woes misoewoer ing kabidjaksanané lan karosané? Kaprijé bisané kowé ngloengsoer pangkaté? Kowé moeng pinter remboegan, nanging tangèh bisa nglakoni. Sanjatané kowé tjoebloek. Njata gampang tjalaṭoe baé, nanging ikoe moeng lelamisan kanggo topèng tjoelika lan djoeligmoe. Ora woeroeng kowé bakal kawijak kekanḍoetanmoe kang djail ikoe, wekasan kadjoeliganmoe tanpa gawé, sandi oepajamoe sirna, toewas baé tjilakané toemiba ing awakmoe ḍéwé, kang awit saka panggawémoe ḍéwé; temahan oeripmoe kasoerang-soerang. Apa kowé ora njana, satroe kang terang ing boedi bisa roemeksa marang awaké, adja kongsi kena ing bebaja. Rina wengi tansah prajitna adja kongsi tjinidra ing moengsoeh."

Klarap: „Ija bener, satroe kang witjaksana bisa roemeksa sarta prajitna sabarang pratingkah, nanging si njambik ora mangkono, moeng ambeké soemangkéan amarga pangkaté ḍoewoer, angira jèn sakèhé sato paḍa resep marang ḍèwèké akanṭi memoenḍi, ora soemoeroep jèn tjilakané atoempang-toempoek; ora soemoeroep manawa sakèhé satroené betjiké moeng samoedana, moeng adja kongsi katara enggoné paḍa amrih roeboeh lan amrih bilainé."

Tekèk: „Oega bener oedjarmoe, nanging pangarep-arepkoe kowé adja nglakoni; élinga bebendoening Pangéran. Sapa sing nglakoni ala wis masṭi bakal nemoe wewales ala ing akérat; malah djaman saiki ora nganggo ngentèni bésoek manèh, winales kentjéngan baé. Anggepmoe kowé boediman, wasis ngikal basa, poetoes ing temboeng ngrampoengi sabarang rèh. Lah ja géné arep nglakoni maksijat? Apa ora loewih njata kawignjanmoe bakal moeng koanggo gegaman, koanggo lakoe kang tan prajoga? Lah ja ikoe klarap kawignjanmoe bakal kablinger. Apa goenané wong wignja

jèn ora bisa meper sedyané kang ora betjik? Dadi njata banget kawasisanmoe ikoe moeng tiroe-tiroe, moeng toemèmpèl ing koelit ora kanṭi loehoering boedi. Kowé ngrasa poetoes, bangkit nimbang prakara ala betjik, ora ngrasa jèn pengoeng. Oedjaré para bisa-bisa ngoetjapaké nanging ora bisa nglakoni, ikoe paḍané wong gembloeng. O, klarap, lah mbok èlinga dosamoe ora woeroeng bakal nemoe wewales."

Klarap: „Prakara ikoe akoe ora pradoeli, ikoe goemantoeng marang paréntah nagara, masṭi bakal ditimbang, angger akoe ngenggoni adil lan bener."

Tekèk: „Bisamoe adil saka ngendi, sanjatané kowé doerdjana, remboegmoe mblarah. Saoepama bisa kelakon, mangka njata nagara roesaké saka kowé, kang marga Ratoe noeroet marang kowé, amasṭi bakal akèh kawoela kang prihatin, temahan dosamoe noempoek oenḍoeng; awit kowé sanjatané ora doewé pamrih rahardjaning nagara. Wis masṭi kowé bakal nemoe paoekoeman kang loewih abot. Wong doerdjana masṭi olèh bebendoening Allah, nanging daksawang-sawang kowé ora wedi babarpisan prakara ikoe."

Klarap: „O, tekèk, mokal jèn sato kaja akoe ora kena tjidra lakoe doer. Ija jèn akoe doewéa kabangkitan lijané ikoe. Oepama akoe ora mangkonoa, lah kaprijé bisané katekan nijatkoe ikoe, wadjib ingatasé ngaoerip mboedi daja. Ora kaja kowé, pidjer pitekoer ana ing gowok baé, moelané salawasé kowé dadi asor. Ikoe ora patoet; jèn wong isih kepingin mangan énak njanḍang apik, wadjib ichtijar, ora kena moeng narima; moelané ngèlmoemoe kang dakik-dakik ikoe boewangen ta! Apa ta perloené nganggo ngèlmoe kang djero-djero koewi? Moenḍak marahi dadi wong kesèd lan djirih baé."

Tekèk: „Hèh klarap! Kowé koewi njata sato ala, remboegmoe saja ngajawara; kirakoe kowé wis djoedjoel déning angen-angen, déné kongsi kawetoe oedjarmoe kang ora-ora. Akoe ora koedoe mantjèni marang karepmoe kang moesibat ikoe, nanging jèn kena dakélingaké, awit moengsoehmoe bangsa witjaksana. Kowé rak ja wis weroeh ta jèn kabidjaksanan ikoe ngloewihi marang ambek niaja? Kowé oega wis weroeh manawa wong kang bèrboedi ikoe ngloewihi pangoewasané tinimbang pradjoerit atoesan éwon? Jagéné kowé teka ora ndoewèni pamoepoes, moeng éling marang perloemoe ḍéwé baé? Wroehanamoe, klarap, dosamoe angoenḍoeng-oenḍoeng."

Klarap: „Lajak ija tekèk, mbok manawa ana pratingkahkoe kang loepoet, amarga saka kalimpoetkoe, nanging pratingkah kang endi akoe toedoehana, soepaja bisa genah, bab kang endi sing gawé toeking kaloepoetan ikoe."

Tekèk: „Dosamoe wis njata, nanging ora gampang jèn akoe noetoerana, awit wis njata jèn kowé ikoe sato goroh, oedjarmoe moeng lelamisan, ora maṭoek karo woedjoedmoe kang

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

bregas ikoe. Soepaja kowé njata bidjaksana wis masṭi bisa métani ala betjiking atimoe ḍéwé, awit patang prakara kang dadi wewatakaning sato, sing perloe ko-èlingi: sapisan, sato kang akèh kasagoehané nanging ora ana njatané, ikoe doerdjana linoewih; kapinḍo: sato kang ora kakéhan remboeg, nanging wataké mantep, bisa ngrampoengi sabarang gawé, ikoe kang aran betjik; kateloe: sato kang netepi djandjiné, ja ikoe kang patoet pinitaja, tan wenang digorohi, awit angloenggoehi sabarang oedjaré; kaping pat: sato kang ora ndoewèni djandji lan ora taoe nglakoni barang gawé kang dadi wadjibé, ja ikoe sato kesèd aranḗ, pratanḍa boḍo banget. Nanging kowé sanjatané wasis ing remboeg, weroeh ala lan betjik, éwa samono koedoe nglakoni kang ora patoet, arep goroh marang Ratoe, kang soepaja Ratoemoe anglakoni kang ora adil lan djoedjoer. Ora woeroeng nagara dadi gondjing, amarga saka panggawémoe; wis mesṭi kowé bakal nemoe bebendoening Pangéran."

Klarap: „Kaprijé déné kowé bisa ngarani manawa akoe bakal gawé gondjing lan roesaking nagara; awit sanjatané akoe njoewoen adiling Ratoe."

Tekèk: „O, klarap! Njata banget kowé sato djoelig, satemené kabèh remboegmoe ora barès, mokal jèn nedyaa betjik, sanadjan kowé wasis nanging tanpa gawé, kedjaba dosamoe tansah atoet boeri, ora woeroeng patimoe ing tembé kasoerang-soerang, dadi intiping naraka, tjiliké dadi gandarwo; awit kowé sengsem banget prakara kamoeljan donja. Doedoe ikoe marganing kaoetaman, awit bab donja ora kena ginawé sangoe mati, kadjaba kalakoean betjik kang tansah katon goemebjar ing soewarga; moelané adja kepati, sapira lawasé wong nèng donja, ora lawas pasṭi mati; élinga siḳsaning naraka."

Klarap: „Ija bener tekèk oedjarmoe ikoe, akoe oega ngerti kabèh, nanging saoepama akoe tansah meneng baé kanṭi narima, lah apa paédahé akoe oerip lawas ana ing donja? Saka pamikirkoe wis patoet banget jèn akoe doewéa panggajoeh kang moelja sarana njoewoen sihing Ratoe kang adil, adja pidjer asor baé, awit ingatasé kawoela ikoe ora ana bédané, moelané ora patoet saoepama Ratoe mbaoe-kapiné marang kawoelané. Ora moeng njambik baé kang bisa nglakoni ajahan Ratoe, nadyan akoe kajakaja ora bakal kiḍoeng; moelané rak ja wadjib ta akoe njoewoen adilé?"

Tekèk: „Benar-bener, nanging patrapmoe kang koedoe koerang djoedjoer ikoe loepoet banget, awit ora timbang karo bèrboedi, wasismoe marang witjara, lan manèh adoh banget soengsaté karo sakèhing tepa sanépamoe kang wis ko-oetjapaké maoe, saoepama ngantia kowé ngempakaké tandoek kang droehaka ikoe."

Katjarijos, saweg doemoegi samanten anggènipoen sato kekalih waoe sami bebantahan arebat leres, ladjeng katoengka ḍatengipoen boenglon, ingkang sampoen dangoe anggènipoen ndingkik ananging

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sato kalih waoe sami boten soemerep, awit boenglon saged mantjala warni, saged awor sawarnining barang oetawi panggénan inkang dipoen enggèni.

Wataking boenglon manḍita, nanging boten ngatawisi, awit saged mandjing adjoer-adjèr, wasis sabarang rèh, agal aloes dipoen lampahi, saged woring djaman, poetoes ing kawroeh lahir batin. Sampoen lami anggènipoen boenglon alelana ndjadjah nagari. Poendi wonten panḍita ingkang pinoendjoel dipoen poeroegi toewin nggegoeroe agami. Djalaran saking makaten, mila boenglon ngantos saged mantjala warni. Nalika samanten sareng boenglon mireng pabenipoen klarap kalijan tekèk, manahipoen sakalangkoeng trenjoeh, déné sato kalih sami pradondi, nanging tanpa wekas, djalaran sami angenggèni leresipoen pijambak-pijambak, amargi saking tjoepet miwah petenging boedi, sedyanipoen boenglon baḍé anjapih.



Boenglon: „É, é, déné iki sato loro paḍa padoe ora ana oewisé, lah apa ta kang paḍa pinadoe?"

Klarap lan tekèk sami ndjola, sareng mireng witjantenipoen boenglon, sarta sesarengan mbagèkaken, ladjeng sami anganḍaraken babipoen pijambak-pijambak.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Boenglon: „Ija kabèh-kabèh maoe sanjatané akoe wis weroeh, awit pantjèn wis soewé anggonkoe ndingkik, nanging kowé paḍa ora weroeh ing akoe. Moenggoeh prakara kang paḍa koremboek ikoe maoe akoe ora bakal mantjèni, oetawa ora bisa ngarani endi kang loepoet, endi kang bener. Satemené kabèh bener, nanging ija loepoet, kaja ta si klarap doewé karep mangkono ikoe ora salah, nanging ija doeroeng bener; déné si tekèk kowé karep mangkono ikoe ija oega bener, nagging ija loepoet. Moenggoeh bener-beneré kakarepan warna loro ikoe bisaa koempoel dadi sidji, ikoe bisa dadi kaoetaman."

Klarap: „Akoe kok doeroeng njanḍak marang karepmoe ikoe, boenglon! Kaprijé nalaré, akoe kanḍanana."

Tekèk: „Jèn moenggoeh panemoekoe, boenglon! pantjèn ora bakal bisa koempoel, awit si klarap koewi bangsa angkara kang dilakoni, balik akoe bangsa agama, tjekaké kasar karo aloes kaprijé enggoné ngoewor, salawasé masṭi kosokbali."

Boenglon: „Ora mangkono, paḍa roengokna akoe dak nggotèk, nanging pikiren kang temenan, adja kliroe tampa. Moenggoeh kekarepané si klarap maoe bener, nanging bisané kelakon ija koedoe ḍeḍasar kaoetaman kaja kanḍamoe oetawa karepmoe maoe. Dadi adja nganggo watak ngangsa-angsa oetawa kang bangsa maksijat. Déné karepé si tekèk tansah narima lan sabar ikoe ija bener, nanging adja kebandjoer-bandjoer, moenḍak nenoentoen marang kesèd, dadi ija koedoe ichtijar, moelané loro-loroné ikoe koedoe bisa ngoempoelaké. Tjekaké: ingaoerip ikoe koedoe bisa angon obah — osiking djamané. Kaja kowé si tekèk, djaman saiki pantjèn ara ana tjarané tapa, awit pantjèn djaman angkara, dadi ija koedoe miloe angkara. Saiki djaman reboet redjeki, dadi ija koedoe miloe angreboet, jèn ara mangkono amasṭi bakal mati kaliren. Wong oerip koedoe netepi wadjibing oerip, ja ikoe mangan; pinangkané pangan saka njamboet gawé, dadi ija koedoe njamboet gawé kang mantep, soepaja bisa seneng oeripé, awit tjoekoep pangané. Adja tansah tèki-tèki baé, djaman saiki ora maṭoek. Déné si klarap pangoedimoe ikoe wis betjik, nanging adja tinggal kaoetaman, dadi bisa slamet apa kang kinarepaké. Nanging ija adja katoengkoel banget marang bab kamoeljan donja, élinga sakèhing oerip masṭi bakal nglakoni pati, moelané prakara agama oego koedoe di parsoedi, awit agama ikoe pranatan marang kaoetaman lahir batin, donja akérat. Amarga saka ikoe moelané lahir batin koedoe toemindak bareng, dadi aran adil. Adja moeng angoenggar ardaning napsoe angkara moerka baé, moenḍak sirna kaprajitnané, temahan tjepak sangsarané.

Mangkono oega si tekèk, kang roepané moeng angadjap soewarga baé, ikoe loepoet. Ora perloe angadjap prakara pati, ora soesah diarep-arep, jèn wis tekan mangsané malah ora nganggo semajan ḍisik lan oega ora kena diinahi. Ing sarèhné bab pati ora kena oetawa bok manawa kowé ora soemoeroep bésoek kapan tekaning

PERPUSTAKAAN NASIONAL

si pati, moelané sadjroning isih oerip adja moeng mikir bab pati baé. Wadjib ing atasé ngaoerip ikoe njamboet gawé, éwadéné oega kanṭi kaoetaman. Moeng kaoetaman ikoe kang dadi dedalané slameting oerip ing donja akérat.

Oedjaré wong kang terang ing boedi dedalané marang kaoetaman ikoe doedoe kasoegihan, doedoe kabagoesan, doedoe kaloehoeran lan doedoe kapinteran, ja ikoe moeng ati slamet. Sing sapa atiné slamet oetawa soetji, sanḍang pangané akekinṭil. Dadi tetélané, sanadijan wasis kaja si klarap, nanging atiné reged, ija ora bakal slamet, temahan, oeripé oega sangsara awit mrana-mréné bakal disirik. Moenggoeh kang perloe angoedi kaoetaman ikoe koedoe anjingkiri watak mèlikan, drengki, djail, panastèn, dahwèn, opèn, goemeḍé, koemingsoen, ora goroh lan koedoe mantep atiné.

Sing sapa atiné resik, ora wedi ing moebarang pakéwoeh kang dadi oeger-oegeré moeng koedoe éling:

I. manoet lan netepi pranataning nagara, roemasa jèn lagi tinitah dadi kawoela, roemasa jàn ana kang mengkoe, koedoe setya toehoe marang wadjibé ḍéwé.

II. koedoe netepi marang agamané ḍéwé, adja nenatjad oetawa éwa marang agama lija, awit kabèh agama ikoe moeng noedjoe marang kaoetaman, dadi ora béda, toedjoené paḍa marang kabetjikan,

III. koedoe netepi marang kawadjibané, ja ikoe nglakoni pagawéan kang mesṭi dilakoni, manoet ing kabisané ḍéwé. Manawa diantepi kanṭi setya-toehoe amasṭi dadi dedalané kaoetaman. Awit kaoetaman ikoe geḍé tjilik sato kéwan kadoenoengan, manoet pandoemé déwé-déwé.

IV. koedoe éling jèn sipating kéwan oerip iki masṭi ngoepaja pangan, bisané olèh pangan sarana dilakoni njamboet gawé. Moelané sakabèhé pagawéan kang masṭi dilakoni koedoe ditindakaké kanṭi seneng oetawa rila, adja mèngèng oetawa kaworan pamikir marang prakara lijané manawa lagi mindakaké salah sawidjining pagawéan; soepaja ora nerak marang kaloepoetan.

Sabarang gawé kang dilakoni koedoe mantep, ora aras-arasen, ora bosen, lan ora ngersoela.

Bisané netepi prakara kabèh maoe, sabarang panggawé adja pisan-pisan ndoewèni pangarep-arep, jèn ora dilakoni temenan. Loewih ala jèn sasoewéné nglakoni gawé, tansah angarep-arep gandjarané, ikoe moeng bakal noekoelaké aras-arasen baé, awit sing sapa ndoewèni pangarep-arep, mangka dikira kesoewèn pangarep-arepé, ija bandjoer aras-arasen oetawa bosen. Manawa lagi olèh kabegdjan adja mbandjoer ndoewèni panganggep, awit panganggep ikoe bisa gawé bawoering paningal, lali jèn lagi tinitah dadi abdi pangrasané wis maḍani Goestiné. Sanadyan dadi Goesti pisan, manawa kegeḍèn panganggep, ija bakal nemoe karoesakan, awit saka anggoné mbandjoer sawenang-wenang marang sor-sorané. Saoepama kabèh sato iki paḍa soemoeroep marang kaoeta-

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

mané ḍéwé-déwé. kirakoe bisa tentrem salawasé, awit kang asor roemasa dadi kawoela, koedoe setya lan ngadjèni ḍeḍoewoerané; kang loehoer roemasa koedoe mengkoe maragg sor-sorané, dadi ora koedoe sawenang-wenang marang sor-sorané maoe. Tjekaké kawoela lan goesti ḳoedoe bisa wengkoe-winengkoe, emong-ingemong. Éwadéné kang akèh sato loehoer ikoe mbandjoer koemawasa, nganggep angerèh amasésa sawenang-wenang. Mangkono oega kang asor ora weroeh jèn ana kang mengkoe, anggepé ora béda, geḍé tjilik paḍa baé, dadi koemaloengkoeng. Manawa mangkono ora woeroeng nagara dadi roesak, awit kang toemitah kawoela karepé koedoe maḍani, oetawa pantjèn soeṭik disawijah.

Saoepama kabèh sato iki paḍa bisa netepi wadjibé ḍéwé-ḍéwé kanṭi roemasa, ora dahwèn marang wadjibing lijan, amasṭi énggal bisané dadi madjoe lan tentrem, awit kabèh moeng paḍa angoedi marang kaslametané ḍéwé-ḍéwé; wekasan paḍa djoedjoer lakoené, noenggal sedyané marang kaoetaman.

Moelané toetoerkoe marang kowé sakaroné, adja sah pangoedimoe marang kaoetaman lan anetepana wadjibing oerip, soepaja paḍa bisa toemeka marang kaloehoeranmoe kang kosedya.

Si klarap koedoe éling manawa sato ikoe bisané dadi loehoer koedoe anglakoni wadjibing asor ḍisik kanṭi narima sarta rila. Élinga manawa anané geḍé ikoe saka tjilik; anané kasar saka aloes, anané soegih saka miskin ḍisik. Sing sapa roemasa soegih baé, amasṭi ora bakal mikir kekoerangané, wekasan geḍé pangebrèhé.

Déné si tekèk ora kena manawa koedoe pitekoer baé; ikoe djenengé sija marang awaké, awit oeripé bakal ora seger, tansah katjingkrangan salawasé.

Kang perloe ingaoerip ikoe koedoe njamboet gawé kanggo ngingoni awaké, soepaja ora énggal roesak, nanging ija adja kongsi koewaregen, liré: adja ndjoeroengi marang kekarepan kang nggrangsang, memangan doepèh bisa toekoe, ora nganggo mikir dina mboeriné. Betjik memangan kang madya baé, adja rojal, tetoekoe kang ora perloe, oetawa ora migoenani. Manawa ana loewihé doewité betjik disimpen, kena kanggo djagané dina boeri.

Lah ikoe maoe kabèh moenggoeh ing panemoekoe; éwadéné jèn kowé paḍa roedjoek enggonen, jèn ora ḍemen ora dadi apa, awit doewé tékad ḍéwé-déwé. Moeng baé pitoetoerkoe maoe pikiren ḍisik, adja kesoesoe, gaṭoek-gaṭoekna lan goemelaring djagat iki kabèh, dadi kowé bisa angon obah-obahing djaman, bisa oerip kang roedjoek karo djamané; dadi ora katon mandjila. Kowé rak ja weroeh ḍéwé jèn oeripkoe iki doedoe wiwilangané sato moelja, nanging akoe bisa awor kana kéné, moelanè ing saenggon-enggoné akoe nemoe kepénak, awit bisa manoet djaman oetawa panggonan."

PERPUSTAKAAN NASIONAL

Kéwan kalih waoe sareng mireng rembaggipoen boenglon sanget gawok, nanging roemaos lepatipoen, mila ladjeng sami nalangsa ing batos, awit poen boenglon njata oendagi, tjotjog kalihan woedjoedipoen, saged mantjala warni anoet ing panggénan.

TAMAT.

PERPUSTAKAAN NASIONAL

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

R 87 L88

Per

PERPUSTAKAAN NASIONAL